

**PANGAJARAN NGANALISIS RELEVANSI IMPLIKATUR PAGUNEMAN SARENG
PASANGAN UCAPAN DINA TEKS NEGOSIASI NGAGUNAKAN METODE
EXTENDING CONCEPT THROUGH LANGUAGE ACTIVITIES (ECOLA) KA
PESERTA DIDIK KELAS X SMA KARTIKA XIX-1 BANDUNG TAHUN
PELAJARAN 2018/2019**

ku

Ninda Wati

NIM 155030087

RINGKESAN

Métode Extending Concept Through Language Activities (ECOLA) nya éta métode anu dianggo panalungtik dina pangajaran. Hasil panalungtikan anu ka uninga nyaéta ngabandingkeun hasil-hasil pretés sareng postes anu dibikeun ka murid kelas X. 1) Panalungtik parantos sanggup ngarencanakeun, nerapkeun, sareng ngalaksanakeun ngajen kalawan bener. Hal eta kabuktian ku niley tahap ngarancang pangajaran nya eta 3,78 jeung nilai palaksanaan pangajaran nya eta 3,71. 2) Murid tiasa nganalisis relevansi implikatur paguneman sareng pasangan ucapan dina teks negosiasi. Hal eta jelas ka uninga tina hasil pretés di kelas ékspérimén kalawan niley rata-rata 26,44 jeung niley rata-rata postes 75,11. Samentara hasil pretés dina kelas kontrol ku rata-rata 19,57 sareng hasil postes kalawan rata-rata 62,97. 3) Aya béda dina hasil pangajaran ku kelas kelas eksperimen sareng kelas kontrol. Hal ieu kabuktian ku hasil analisis Independent Sample Test, anu nunjukeun yen niley signifikan (2-tailed) postes di kelas eksperimen sareng kelas kontrol, nya eta $0,001 < 0,05$, nu hartosna Hipotesis ditarima. 4) Metode ECOLA efektif diterapkeun. Hal ieu kabuktian dumasar kana hasil analisis Paired Sample Test nu nembongkeun yen niley signifikan (2-tailed) kanggo hasil pretes sareng postes di kelas eksperimen, nya eta $0,000 < 0,05$ nu hartosna Hipotesis ditarima. 5) Aya beda dina kaefektifan Metode ECOLA batan metode diskusi. Hal ieu dibuktikeun ku hasil analisis Independent Samples Test ngagunakeun data skor gain anu nembongkeun niley signifikan (2-tailed) kanggo hasil niley gain pretes sareng postes tina kelas ékspérimén sareng kontrol, nya eta $0,002 < 0,05$, nu hartosna Hipotesis ditarima. Dumasar kana hasil paniluan anu di luhur, tiasa disimpulkan yén tina hasil diajar pangajaran nganalisis relevansi implikatur paguneman sareng pasangan ucapan dina teks negosiasi ngagunakeun metode ECOLA dina kelas X SMA Kartika XIX-1 Bandung kelas 2018/2019 disebutkeun junun kalawan sae. .

Kecap Galeuh: Metode ECOLA, nganalisis, pangajaran, negoisasi.